



Pou Piblikasyon Imedya: 07/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PREMYE FAZ PWOJÈ  
MODÈNIZASYON 47 MILYON DOLA A NAN KAD DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB  
NAN AMSTERDAM**

*Reyabilitasyon konsiderab nan Stratton Apartments kounye a fini ak  
konstriksyon ki sou pye nan dezyèm faz renovasyon yo*

*Pwojè a pral finalman prezève abòdabilite, amelyore efikasite enèji ak sekirite  
pou 191 fwaye granmoun aje nan Konplèks Lojman Piblik*

*Foto yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman premye faz yon renovasyon ki koute 47.4 milyon dola nan yon devlopman lojman piblik pou granmoun aje nan vil Amstèdam. Renovasyon yo fini kounye a nan Stratton Apartments, ki gen 75 kay ki an sekirite, ki efikas nan enèji epi ki abòdab pou granmoun aje yo. Konstriksyon sou pye tou nan dezyèm faz pwojè a pou amelyore New Amsterdam Apartments ki gen 116 apatman.

"Lojman abòdab se yon faktè kle nan grandi ak devlope kominote k ap pwospere yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Reyabilitasyon Stratton Apartments lan enpòtan anpil pou asire granmoun aje yo atravè Amstèdam ka non sèlman viv ak diyite ak sekirite, men tou yo ka jwenn opòtinite pou yo jwe yon wòl nan revitalizasyon vil la."

Stratton Apartments fè pati gwo plan Gouvènè Hochul la pou fè lojman pi abòdab, ekitab ak pi estab. Sa gen ladan yon nouvo plan lojman, sou senkan k ap koute 25 milya dola pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab an zòn iben ak riral yo toupatou nan Eta New York ki gen ladan 10,000 kay ak sèvis sipò, ogmante konstriksyon nouvo kay, ak takle inegalite nan mache lojman an.

Konstwi nan ane 1970 yo, Stratton Apartments gen yon batiman ki gen sèt etaj ak 75 apatman ki sitiye nan 95 Division Street. Tout apatman yo abòdab pou kay ki gen yon revni 80 pousan oswa mwens nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) epi ki gen omwen yon manm nan kay la ki gen 62 zan oswa plis.

Dimansyon renovasyon yo enkli rediksyon amyant yo, ankapsilasyon ak enstalasyon nouvo fenèt, pòt komen yo, chodyè pou chofe dlo ki efikas an enèji ak aparèy limyè

LED toupatou. Tout kwizin ak twalèt apatman yo te modènize ak aparèy nan echèl Energy Star.

Ekipman rezidansyèl yo nan Stratton Apartments gen ladan pakin deyò, espas lwazi deyò, yon sal kominotè, laboratwa enfòmatrik ak sal lesiv.

Stratton Apartments sitiye nan yon kilomèt edmi ak tout gwo sèvis yo, tankou yon lopital, makèt, pak, ak biznis komèsyal yo. Yon otobis vil ki pwograme regilyèman fè plizyè arè pa jou nan batiman an.

Finisman Stratton Apartments make tou kòmansman renovasyon pou dezyèm faz pwojè a. New Amsterdam Apartments se yon batiman ki gen 12 etaj ak 116 apatman pou granmoun aje ki sitiye nan 26 Wall Street. Renovasyon nan batiman sa a pral konplete an 2023

Devlopè yo se Otorite Lojman Amsterdam (Amsterdam Housing Authority, AHA) ak 3D Development Group LLC. Finansman Eta po devlopman de faz la enkli 9.3 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzanpsyon fiskal; Kredi Enpo Federal sou Lojman ki jenere 15.9 milyon dola nan fon pwòp; ak apeprè 15.6 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal). Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap bay 136,500 dola pou sipò.

**Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare,** "Pandemi COVID la agrave mank opsyon lojman desan pou granmoun aje yo k ap viv sou revni fiks. Envestisman 47 milyon sa a pral prezève abòdabilite pou 191 kay, amelyore kalite lavi ak ekipman modènize ak efikas an enèji, epi pwoteje sante Nouyòkè vilnerab yo. Gras ak patenarya nou ak Otorite Lojman Amsterdam ak 3D Development, resous lojman enpòtan sa a pral kontinye sèvi granmoun aje Amsterdam yo epi pèmèt rezidan yo viv ak diyite ak sekirite nan kay yo ka pwokire."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan NYSERDA, te deklare,** "Nou kontan wè pwogrè pwojè reyabilitasyon Otorite Lojman Amsterdam lan ak li kounye a k ap kòmanse dezyèm faz amelyorasyon li nan lojman abòdab pou granmoun aje ki gen revni fèb ki efikas an enèji, ki an sante epi ki konfòtab. Rezidan yo pral jwi nouvo fenèt ak aparèy ak aparèy ki efikas an enèji toupatou, sa ki sipòte efò Eta a ap fè pou redwi emisyon danjere yo ak konbat chanjman klimatik, pandan y ap asire tout Nouyòkè yo resewa avantaj envestisman nan enèji pwòp."

**Senatè Michelle Hinchey te deklare,** "Envestisman kolaborasyon sa a pa patnè eta ak federal nou yo pral pèmèt revitalizasyon 191 kay pou granmoun aje nan Stratton Apartment Complex nan Vil Amsterdam — yon efò ki pral optimize kalite lavi rezidan yo yon fason konsiderab atravè yon apwòch inivèsèl nan modènizasyon batiman yo. Soti nan mizajou avans klimatik ki konsantre sou efikasite enèji rive nan ranfòse amelyorasyon sekirite yo pou rive nan agrandi aksè rezidan yo ak ekipman enpòtan

sou sit yo, tankou sèvis laboratwa enfòmatic — sa a sekalite pwojè nou bezwen wè plis nan rejyon nou an ak investisman renouvle ke kominote Amsterdam nou an merite. Kounye a, plis pase anvan, bon jan kalite lojman abòdab pou granmoun aje esansyèl pou ede vwazen nou yo vye an plas an sekirite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak patnè eta ak federal nou yo paske yo bay bezwen lojman lokal nou yo priyorite, ke nou pral kontinye avanse ane sa a atravè eta New York."

**Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare,** "Agrandi lojman abòdab nan kominote nou an se yon objektif enpòtan e sitou li enpòtan pou rezidan ki pi vilnerab nou yo, se poutèt sa mwen te sipòte finansman ki nesès pou pwojè sa a. Konplèks apatman ki fèk renove a pral pèmèt granmoun aje yo viv nan lojman modèn ki pi an sekirite epi tou rete konekte ak fanmi yo, zanmi yo ak kominote yo. Mwen kontan wè travay k ap kontinye sou pwojè sa a ki ranfòse opsyon lojman abòdab isit la nan vil Amsterdam."

**Majistra Amsterdam Ian Michael Cinquanti, te deklare,** "Nou te gen plezi pou nou vizite plizyè apatman renove ak ekipman ki ajou nan Stratton Apartments pandan pwojè a te prèske fini. Entegrasyon karakteristik konsepsyon ki pral amelyore sekirite ak konfò rezidan batiman an ak anfas sou efikasite enèji ak fasilite antretyen alavni te trè enpresyonan. Nan non Vil nou an, mwen remèsye AHA pou investisman enpòtan sa a nan bon jan kalite lojman pou granmoun aje Amsterdam yo."

**Bruce Levine, ki se Prezidan 3D Development, te deklare,** Efò kolaborasyon an HCR, Otorite Lojman Amsterdam, Vil Amsterdam ak ekip devlopman an se sa ki mennen pwojè sa a soti nan konsèp pou rive kote li rive jodia, ak inogirasyon nan Stratton Apartments ak kòmansman konstriksyon New Amsterdam Apartments."

**Damaris Carbone, ki se Direktè Egzekitif nan Otorite Lojman Amsterdam** "Nou remèsye Gouvènè Hochul ak ekip li an ki nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta New York la pou sipò yo pou pwojè a. Priyorite pou Otorite Lojman Amsterdam se bay lokatè yo anviwònman ki an sekirite ak bon jan kalite lavi. Bon jan kalite lojman se kle pou estabilize katye yo ak revitalizasyon Amsterdam k ap kontinye a.

**Egzekitif Konte Montgomery Matthew L. Ossenfort te deklare,** "Fè lojman abòdab epi an sekirite pou granmoun aje yo trè enpòtan pou kominote nou an, sitou lè popilasyon aje nou an ap kontinye grandi. Mwen felisite travay ki deja fèt nan Stratton Apartments epi mwen pa ka tann finisman faz de a la, ki pral kreye plis opòtinite pou rezidan granmoun aje nou yo nan vil Amsterdam pou yo gen yon anviwònman ki an sekirite, konfòtab pou yo rele lakay yo."

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)